

Byenveni O Kanada



REKONESANS DIPLÒM ETRANJE



I ou gen plan vini, travay oubyen etidye O Kanada, ou ka bezwen pou w fè evalye diplòm ou yo ansanm eksperyans pwofesyonèl ou. O Kanada, gen kèk aktivite pwofesyonèl ki kontwole selon pwovens lan. Sa vle di ke w ap bezwen yon lisans oubyen yon sètifika espesyal avan ou ka travay nan yon domèn ki kontwole.

Konpetans sa yo kapab yon diplòm, yon sètifika ke ou te resevwa aprè ou tèmine yon pwogram fòmasyon nan yon enstitisyon fòmasyon.

Konpetans ke w te pran nan lòt peyi kapab pa jwenn rekonesans nan men òganizasyon edikasyon yo ak responsab biznis yo. Menm si ou evalye konpetans ou pou imigrasyon, ou ka bezwen evalye yo ankò pou w ka jwenn lisans oubyen pou w ka etidye O Kanada. Pwosesis sa a se pou pèmèt yo verifiye si edikasyon, konpetans ak eksperyans ke ou pran nan yon lòt peyi egal ak nivo ki etabli e aksepte pour pwofesyonèl kanadyen.

POU OU IMIGRE O KANADA

Si ou te pran fòmasyon ou nan yon lòt peyi ke Kanada, ou ka bezwen yon rapò Evalyasyon Konpetans nan Edikasyon (ECA) pou **voye bay imigrasyon**. Rapò ECA sa a detèmine konpetans ou yo valab epi yo egal ak konpetans O Kanada. Yo itilize yo pou yo bay pwèn seleksyon e pou detèmine si ou kalifye pou yon pwogram espesifik nan imigrasyon. Ou ka jwenn yon ECA nan men yon òganizasyon oubyen yon kò pwofesyonèl ke Imigrasyon (IRCC) bay otorite pou sa. Yon evalyasyon ECA kapab ede w lè w chache yon djòb, men li pa garanti ke w ap jwenn yon djòb nan domèn nan ni ke w ap jwenn yon lisans pou w pratike nan yon pwofesyon ki kontwole.

TRAVAY

O Kanada, gen kèk djòb ki kontwole, ki vle di w ap bezwen yon lisans espesyal oubyen yon sètifika avan ou travay nan domèn sa a. Lisans ak sètifika pou djòb kontwole sa yo kapab varye selon pwovens lan ak teritwa a. Alò li enpòtan pou w konnen ki egzijans e ki etap yo mande nan pwovens ak teritwa kote ou pral viv la.

Si ou vle travay nan yon domèn ki kontwole O Kanada, **kòmanse fè konpetans ou yo rekonèt leplito posib** avan ou rive O Kanada. Pou w jwenn èd, vizite [Obtenez de l'aide avant votre arrivée au Canada – À propos des services avant l'arrivée - Canada.ca](https://www.canada.ca/fr/immigration-refugees-et-citoyennete/services/avant-arrivee)

Men kèk egzanp djòb ki kontwole : Doctè, kontab, elektrisyen, enfimyè, enjenyè, pwofesè.



Avan ou aplike pou djòb O Kanada, ou ta dwe verifye si pwofesyon ou an kontwòl, pou sa ou ka sèvi ak yon zouti ki rele l'[outil pour la reconnaissance des titres de compétences étrangers](#).

Men enfòmasyon w ap jwenn ladan :

- Si pwofesyon ou a kontwòl
- Ki òd ak ki kò ki kontwòl pwofesyon an
- Ki kalite lòt djòb ki genyen nan domèn ou an pandan w ap tann evalyasyon konpetans ou a.
- Si gen djòb disponib pou ou
- Ki nivo salè yo bay, e plis ankò.

Pwosesis pou rekonesans konpetans ou yo pou w ka rantre nan yon pwofesyon kontwòl O Kanada ka pran plizyè mwa e menm plizyè ane, tou depan de domèn ou vle travay la, e lap koute lajan tou. Ou ka bezwen travay nan yon lòt domèn pandanstan.

Avan ou rive travay nan yon pwofesyon kontwòl, ou dwe pase yon seri etap pou w fè fòmasyon ou an ak eksperyans ou yo rekonèt O Kanada. Men sa ou dwe atann :

- Plizyè fwa ou ka jwenn yo evalye konpetans ou yo e ou ka komanse aplike pou lisans oubyen sètifika **avan** ou rive Kanada. Pwosesis sa diferan de Evalyasyon edikatif ke ou te fè lè w tap ranpli dokiman imigrasyon yo. Chak pwovens Kanadyen e chak teritwa tou, gen pwòp òganizasyon kontwòl pa yo ki evalye konpetans yo epi ki bay lisans bay moun ki ranpli kondisyon yo. Egzijans ka diferan sa depan kote w ye O Kanada a.
- Pwosesis pou w jwenn yon lisans ou byen yon sètifika nan menm yon òganizasyon kap kontwòl pwofesyon ou a, ap mande pou w soumèt kèk dokiman oubyen peye yon frè.
- Òganizasyon kontwòl la ka mande w pran fòmasyon adisyonèl oubyen pran eksperyans travay nan Kanada nan yon pwofesyon ou an.
- Yo ka mande w pase yon tès lang espesifik sou pwofesyon ou an.

Pale ak òganizasyon kap kontwòl pwofesyon ou an nan pwovens lan oubyen nan teritwa kote w prale a pou w ka konnen si konpetans ou an bezwen evalye. Yo kapab di w nan ajans evalyasyon ou sipoze ale. Si w bezwen kontakte òganizasyon k ap kontwòl pwofesyon ou an, itilize l'[outil pour la reconnaissance des titres de compétences étrangers](#).

Si ou gen yon lisans pou w travay nan yon pwovens ou yon teritwa, yo ka pa aksepte l nan yon lòt pwovens ou teritwa, menm se menm pwofesyon.

ETID

Si ou gen plan etidye O Kanada, w ap bezwen fè evalye konpetans fòmasyon ou. Kontakte lekòl pòs segondè ou prale O Kanada a pou w konnen ki kalite evalyasyon yo bezwen pou yo aksepte konpetans ou yo. Epi, si nesèsè, kontakte ajans evalyasyon yo rekòmande a.

POU PLIS ENFÒMASYON



Pou plis enfòmasyon sou rekonesans diplòm etranje, vizite [Faire évaluer vos titres de compétences au Canada - Canada.ca](#).



Pou w jwenn sèvis akèy nouvo arivan, vizite [Nouveaux arrivants : Trouvez des services gratuits près de chez vous \(cic.gc.ca\)](#).

